ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№209 (22.117) ● 2011 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 3, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Гуэнгъэпщ Хь.ТI. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ЩIыхь тхылыр етыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Жылагъуэ Iуэхухэм жыдэкIуэ зэрыхэтым икIи ильэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ЩIыхь тхылыр етым **Гуэнгъэпщ Хьэбас ТIалэхьэт и къуэм**- «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Дзэлыкъуэ район къудамэм и гъэзэщIакIуэ комитетым и унафэщIым.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм жпуэгъуэм и 25-м
№154-УП

КЪАНОКЪУЭ Арсен:

ЩIалэгъуалэм дадэIэпыкъуну сыт щыгъуи дыхьэзырщ

ЩIалхъуэлэм ядэлэжьныр Къэбэрдей-Балькъэр къралым политикэм и Iуэдзгъуэ изхэщыкъуэ дыдэхэм хагъэхьащ. Абы и лъэныкъуэкIэ сыт зэфIагъэкIа, лэжьапIэщIэхэм я бжыгъэр гъэмэщIэныжкIэ, щIалэгъуалэр хъарычэт Iуэхум хэшэныжкIэ, ахэр мыхъумыщIагъэхэм ящыхъуэныжкIэ сыт хуэдэ Iуэхугъэр республикэм и унафэщIхэм эфIагъэкIыну я мурад? Абыхэм ятеухуауэ «Аргументы и факты» газетым и корреспондентым епсэльащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен.

- КъБР-м щрагъэкIуэкI щIалэгъуалэ политикэм сыт хуэдэ къыхэщIыхьухукIыныгъэхэр иIэ?

- ЩIэн хэмылъу, щIалэгъуалэ политикэр дэтхэнэ щIыналъэми я унафэщIхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм и унэтIныныгъэ нэхьыщхьэ дыдэхэм ящыщу щытын хуейц. ЩIэблэр зыхэт гугъуехьхэр лъныкъуэебгъэзу, субъектым и экономикэр ебгъэфIэкIуэну ухуущIэкъуныр щыуагъэщI. Дэ ди къэкIуэнур зэльытар щIалэгъуалэм нобэ ятедгъэкIуадэрщ. КъБР-м щагъэзащIэ «2009 - 2015 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэрым и щIалэгъуалэр» республикэ программэр. А программэм 2010 гъэм сом мелуани 8,2-рэ хухахащ, 2011 гъэм а ахьшэр сом мелуан 20-м нэсынущ. Иджыпсту Къэбэрдей-Балькъэрым щIалэгъуалэ зэгуфхэныгъэу зыбжанэ хъарзынэу щолажьэ.

- СызэрыщыгъуазэмкIэ, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм щыпсу Къэбэрдей-Балькъэрым унафэ къыщащтащ Правительствоу Парламентымрэ зэман къэкIуэнум щылэжьафыщу щIалэгъуалэ гупхэр къызэгъэпэщыным теухуауэ.

- Пэжщ, республикэм и Президентым и деж щыIэщ зэпымыууэ лажьэ щIалэгъуалэ чэнджэщзэгъу орган - ЩIалэгъуалэ правительствэ. ИльэситIым къыриубыдэу абы хэтхэм лэжьыгъэ хъарзынэ зэфIагъэкIащ, гупсысэщIэзэщIэнум и хьэкъIэ, шэч хэмылъу, лэжьапIэ IэнатIэщIэхэр къызэрагъэпэщынущ. Апхуэдэу икъукIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ щIалэгъуалэм я зэфIэкIхэр хъарычэт щIэным и IэнатIэм хуэунэтIынми, ахэр зыхэпсэуэкIын кулыкъуфI къратыным гъпIэчу щымысу, езыхэм я Iуэху зэрыдгъэкIыжыным елэжьынми. ЩIалэхэмрэ хьыджэбзхэмрэ жыг ящIэтщ, жэрдэм нэхъ яхэлъщ, абыхэм мурадыфI куэдяIэщ, ауэ псом ди дежкIи гурыIуэгъуэ щхьэусыгъуэхэм къыхэкIыу ахэр дэгъэкIыным ирахьлIэн мылъку ябгъэдэлъкъым. Абы и лъныкъуэкIэ дэ сытым дежи дэIэпыкъуэгъу дыхьуну дыхьэзырщ. «2007 - 2011 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм хъэрычэт Iуэху щыкIумрэ курытымрэ зыщегъэжьыныр, абыхэм ядэIэпыкъуныр» республикэ программэ хэхам Iэмал хъарзынэхэр къызэрегъэпэщу я щхьэ зэпэIыжьын IэнатIэ къызэрагъэпэщыну хущIэкъу щIалэгъуалэм я дежкIэ. КъащIигъэ, абыхэм хебубыдэ «Хьэрычэт Iуэхум и лъабжьэхэр» щрагъэдж курсхэу мазищ къэс къызэрагъэпэщхэр, ЩIагъэм щыхагъахьуэ «Хьэрычэт лъжьыгъэм и иджырей Iэмалхэр» программэхэр, щIалэгъуалэм я бизнес мурад нэхьыфIхэр гъэбелджылыным хуэгъэзауэ гъэ кьэс ирагъэкIуэкI зэпеуэр. Абы щытекIуахэм я проектхэр ягъэзэщIэн папщIэ гранту сом мин 300-м нэс хухах. Иджыпсту КъБР-м бизнес-инкубаторыпIы щIыпIэщи, абыхэм зэфIагъэкI Iэхухутхьэбзэхэм ящыщу Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэм ятеухуауэ щIалэгъуалэм пщIэнпщэу чэнджэщхэм етыныр. Зэчий зыбгъэдэлъ щIалэгъуалэр кьэтIоувэ икIи дэ адэкIи дыхьущIэкъунущ абыхэм я зэфIэкIхэр нэсу къызэрагъэсэбэпыну Iэмалхэр КъБР-м и Правительствэ.

«Аргументы и факты - Северный Кавказ» газетым и №43, 2011 гъэ.

- Хьэрычэт щIэным хыхьэну зи мурад щIалэгъуалэм пщIэнпщэу чэнджэщхэр етыныкIэ программэ КъБР-м щагъэзащIэрэ? Зэрыщытыкъащтэмэ, щIалэгъуалэр лъжьапIэкIэ къызэгъэпэщыныр республикэм дауэ щыгъэтеIэуныр?

- ЛъжьапIэнпщэхэм я бжыгъэм кIэрыкъу зэпытщ - илъэситхум къриубыдэу ахэр хуэдищым нэблагъэкIэ (щIыхь мин 32,9-м щегъэжьауэ мин 11,7-м нэсу, нэгъуэщIу жыпIэмэ зилэжьэгъуэхэм я проценти 2,9-м нэблагъэ) нэхь мащIэ хъуащ. Мы къалэныр къыщыхэгъэщащ зэман кIыхьым (2030 гъэм нэсыху) республикэм зэрызиужьыну Стратегиеми илъэситху благъэм КъБР-м и социально-экономикэ зыужьыныгъэмкIэ планми. Республикэм и инвестицэ планым проекту щитIым щIигъу хохьэ, абыхэм ящыщу 20-р округым зегъэужьынымкIэ программэми хэтщ. Ахэр зэрагъэзэщIэнум и хьэкъIэ, шэч хэмылъу, лэжьапIэ IэнатIэщIэхэр къызэрагъэпэщынущ. Апхуэдэу икъукIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ щIалэгъуалэм я зэфIэкIхэр хъарычэт щIэным и IэнатIэм хуэунэтIынми, ахэр зыхэпсэуэкIын кулыкъуфI къратыным гъпIэчу щымысу, езыхэм я Iуэху зэрыдгъэкIыжыным елэжьынми. ЩIалэхэмрэ хьыджэбзхэмрэ жыг ящIэтщ, жэрдэм нэхь яхэлъщ, абыхэм мурадыфI куэдяIэщ, ауэ псом ди дежкIи гурыIуэгъуэ щхьэусыгъуэхэм къыхэкIыу ахэр дэгъэкIыным ирахьлIэн мылъку ябгъэдэлъкъым. Абы и лъныкъуэкIэ дэ сытым дежи дэIэпыкъуэгъу дыхьуну дыхьэзырщ. «2007 - 2011 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм хъэрычэт Iуэху щыкIумрэ курытымрэ зыщегъэжьыныр, абыхэм ядэIэпыкъуныр» республикэ программэ хэхам Iэмал хъарзынэхэр къызэрегъэпэщу я щхьэ зэпэIыжьын IэнатIэ къызэрагъэпэщыну хущIэкъу щIалэгъуалэм я дежкIэ. КъащIигъэ, абыхэм хебубыдэ «Хьэрычэт Iуэхум и лъабжьэхэр» щрагъэдж курсхэу мазищ къэс къызэрагъэпэщхэр, ЩIагъэм щыхагъахьуэ «Хьэрычэт лъжьыгъэм и иджырей Iэмалхэр» программэхэр, щIалэгъуалэм я бизнес мурад нэхьыфIхэр гъэбелджылыным хуэгъэзауэ гъэ кьэс ирагъэкIуэкI зэпеуэр. Абы щытекIуахэм я проектхэр ягъэзэщIэн папщIэ гранту сом мин 300-м нэс хухах. Иджыпсту КъБР-м бизнес-инкубаторыпIы щIыпIэщи, абыхэм зэфIагъэкI Iэхухутхьэбзэхэм ящыщу Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэм ятеухуауэ щIалэгъуалэм пщIэнпщэу чэнджэщхэм етыныр. Зэчий зыбгъэдэлъ щIалэгъуалэр кьэтIоувэ икIи дэ адэкIи дыхьущIэкъунущ абыхэм я зэфIэкIхэр нэсу къызэрагъэсэбэпыну Iэмалхэр КъБР-м и Правительствэ.

Правительствэм къыпэщIэувахэм Джиср-эш-Шугур я быдапIэ нэхьыщхьэу щытащ мэкъуэуэгъуэми фокIадэми. А мазэхэм щIалэм специазыр ягъакIуэри, Тыркум и къэрал гъунапкъэр зэпаупщIын хуей хъуат зи лъахэр зыбгынэ щIыу мин бжыгъэхэм.

Хомс и ищхьэрабгъумкIэ къыщыт Талбис къалэми, Дамаск пэмыжыжьэ Харасти, Думи властым и бийхэр щагубдэ зэпытщ. Абыхэм иджыблагъэ щызэхэуат зыкъэзыIэтахэмрэ хабзэхэмкIэ. Иужьрей жэщ-мафхум къыриубыдэу я къалэхэм щыхэкIуэдащ цIыхубгъу.

Гъубжьм президент Асад Башар ирихьжьа зэхъуэкIыныгъэхэр даIыгъыщIыу щIыхь мин бжыгъэхэр зыхъуэта пэкIу щекIуэкIащ Дейр-эз-Зорэ. Абы и пэкIэ зыгъэдэ пэкIуэр щекIуэкIащ Эс-Суэйдэ, Дамаск, Алеппэ, Латакие.

Псыдзэм ехь

Тайландыр мазэ зыбжанэ хъуауэ гугъу езыгъэхь псыдзэм и зэранкIэ хэкIуэдахэщ щIыху 427-р. Псыдзэм ноби екъэгулэз округи 147-р.

Тайландым и провинц 76-м щыщу 26-р.

Тайландым псыдзэр къыщытеуар бадзэуэгъуэм и кIэхэращ. Абы лъандэрэ фэбжь зэмылIэужьыгъуэхэр псыдзэм хахащ щIыху мелуани 3-м щIигъуэ. ДэIэпыкъуэгъу хэзыкъуэу сымаджэщхэм екIуэлIащ щIыху мин 800 хуэдиз. Псы щIагъым къыщIэхутащ предприятэ зэмылIэужьыгъуэу мин 15-м нэс, мэкъумэщ щIапIэу гектар минипщI бжыгъэхэр. Тайландым игъуэта хэщIыныгъэ кьэзэрабжамкIэ, зэкIэ доллар мелард 16 хуэдиз мэхъу.

Лэжьэн щIадзэж

Дыгъуасэ лэжьэн щIидзэжащ гъатхэнэм и 11-м псыдзэмрэ щIыхьхьэнпэ Июнем атом электростанцхэр щикъута пуэжь, яъэункIыфIауэ щыта АЭС-хэм я яп реакторым.

А станцхэр зыгъэлажьэ «Кюсю электрик пауэр» компаниемэ къызэритымкIэ, Кюсю хьIыгум щыIэ Сагэ префектурэм и къалащхьэ щыщIагъэнэжащ станцым и 4-нэ энергоблокыр. Абы и унафэщI Ямомотэ Харуёси зэрыжиIэмкIэ, зы тхьэмахуэм къриубыдэу я энергоблокым и къару рорми къагъэсэбэпу лэжьыгъэр щызэтраублэжьынущ.

Ямомотэ Харуёси къызэригъэлъагъэмкIэ, жэпуэгъуэм и 4-м энергоблокыр щагъэунэфIафам, абы и лэжьакIуэхэм щыуагъэ яIэщIэкIащ - щIагъэункIыфIым щынагъуэ щыIакъым. Аращ пIалъэ кIэщIым къриубыдэу ар щыщIапIэу щащIэгъэнэжыфари.

Гъатхэпэм и 11-м щыIа щIыхьэпэм «Фукусима-1» АЭС-р зэхикъута нэужь, Японием щыIэ зрагъэзывIащ хъэрычэтыщIэ атом реактору яIэм и нэхьыбэр, абы я щынагъуэншагъэр зыхуэдэр къапщытэн папщIэ. Иджы а щIыпIэхэм щыпсэу щIыхухэр хуейкъым а энергоблокхэр щIагъэнэжыну.



◆ Доминиканскэ Зэкъуэтыныгъэм и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - 1978 гъэм къэрал щхьэхуит хъуащ.

◆ Микронезие Федеральнэ Штатхэм я лъэпкъ гуфIэгъуэщ - 1991 гъэм къэрал щхьэхуит хъуащ.

◆ Панамэ Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - 1903 гъэм къэрал щхьэхуит хъуащ.

◆ Японием щэнхабзэм и махуэр щагъэлъапIэ.

◆ ЩэкIуэгъуэм и 3 - 4-хэм Канкэм (Франджы) щыгъэзэщIэнущ «Гуп-20» зэгухьэныгъэм хэт къэралхэм я унафэщIхэр.

◆ ЩэкIуэгъуэм и 3 - 18-хэм Женевэ (Швейцарие) щекIуэкIынущ лэжьыгъэмкIэ Дунейпсо организацэм и унафэщI органхэм я сессие.

◆ Москва щызэхэтынущ Урысей-Норвегие хъэрычэтыщIэ форум.

◆ «Байконур» космодромым тольэтыкI Марсым и Фобос спутникым лъагэ «Фобос-грунт» зондыр. Ар Фобосым къыщетIысэныу, абы и щIылъэм щыщ кьэдищтэу, ЩIым кьигъэзэжын хуейуэ аращ.

Дунейм и щытыкIэнур: «meteonovosti.ru» сайтым къызэритымкIэ, нобэ Налшык пшэ щытелъынущ, машIэу уэрэ кьыщIэхынущ, хуабэу махуэм градусиз 8, жэщым градуси 6 щыIэнущ.

ПIалэнэр зыгъэхъэзырыр ГЪУЩIО Зарифи.

Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Мазибгъум кърикIуахэр

МАЗИБГЪУМ республикэм къыщыщIагъэкIа товару ящар, щIым и хъугъуэфIыгъуэу къыщIахар, сырьем елэжь промышленностым продукцэу игъэхьэзырар, электрокъаруэу, газу, псыуэ къалэжьамрэ трагуэшамрэ сом мелард 26-рэ мелуан 532,4-рэ и уасэ мэхъу. Зэрыщыту промышленностым къилажьащ нэгъабэ и апхуэдэ зэманым елытатуэ процент 101,7-рэ.

Ящэ товар псоми ящыщу нэхьыбэ къыщIэзыгъэкIар сырьем елэжь промышленностым и IэнатIэм хивыдэ предприятэхэрщ. Абыхэм продукцэу сом мелард 19-м нэблагъэ щэхуакIуэхэм хурагъэщащ икIи псори зэхэту лэжьыгъэу зэфIагъэкIар нэгъабэ и апхуэдэ зэманым елытатуэ процент 99,9-рэ мэхъу. Электрокъаруэ, газу, псыуэ сом мелардитI 7-рэ мелуан 488,2-рэ и уасэ хъалэжьри трагуэшащ, ар 2010 гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэм елытатуэ процентитI 110,2-рэ мэхъу. ЩIым къыщIах хъугъуэфIыгъуэхэм ящыщу ящар сом мелуан 84-рэ и уасэщ е 2010 гъэм елытатуэ процент 65-рэ хъууэ аращ.

Мэкъумэш продукцэ къэзылэжьхэм псори зэхэту мэкъумэщхэкIыу сом мелард 20-рэ мелуан 28,4-рэ и уасэ къаIэрыхьащ, ар 2010 гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэм елытатуэ процентитI 101,6-рэ мэхъу. 2011 гъэм жпуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу гъавэу тонн мин 319-м нэблагъэ къыщIалъыкIащ, зы гектарым зэхэту кIэрпIофым центнери 161-рэ къытрахащ.

А зэман дыдэм ирихьэлIэу хозяйствэ зэрыщIалэхэмкIэ Iэщ ЩIалэхэмкIэ ЕплIащ, ботулизм зэрыгъэзэщIэнум и лъэныкъуэкIэ ЕплIащ, ЩIагъэм щыхагъахьуэ «Хьэрычэт лъжьыгъэм и иджырей Iэмалхэр» программэхэр, щIалэгъуалэм я бизнес мурад нэхьыфIхэр гъэбелджылыным хуэгъэзауэ гъэ кьэс ирагъэкIуэкI зэпеуэр. Абы щытекIуахэм я проектхэр ягъэзэщIэн папщIэ гранту сом мин 300-м нэс хухах. Иджыпсту КъБР-м бизнес-инкубаторыпIы щIыпIэщи, абыхэм зэфIагъэкI Iэхухутхьэбзэхэм ящыщу Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэм ятеухуауэ щIалэгъуалэм пщIэнпщэу чэнджэщхэм етыныр. Зэчий зыбгъэдэлъ щIалэгъуалэр кьэтIоувэ икIи дэ адэкIи дыхьущIэкъунущ абыхэм я зэфIэкIхэр нэсу къызэрагъэсэбэпыну Iэмалхэр КъБР-м и Правительствэ.

Хомс и ищхьэрабгъумкIэ къыщыт Талбис къалэми, Дамаск пэмыжыжьэ Харасти, Думи властым и бийхэр щагубдэ зэпытщ. Абыхэм иджыблагъэ щызэхэуат зыкъэзыIэтахэмрэ хабзэхэмкIэ. Иужьрей жэщ-мафхум къриубыдэу я къалэхэм щыхэкIуэдащ цIыхубгъу.

Гъубжьм президент Асад Башар ирихьжьа зэхъуэкIыныгъэхэр даIыгъыщIыу щIыхь мин бжыгъэхэр зыхъуэта пэкIу щекIуэкIащ Дейр-эз-Зорэ. Абы и пэкIэ щекIуэкIащ Эс-Суэйдэ, Дамаск, Алеппэ, Латакие.

Псыдзэм ехь

Тайландыр мазэ зыбжанэ хъуауэ гугъу езыгъэхь псыдзэм и зэранкIэ хэкIуэдахэщ щIыху 427-р. Псыдзэм ноби екъэгулэз округи 147-р.

КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министерствэм къыщапщытэжащ 2011 гъэм и щIыщIэ-фокIадэ мазэхэм къриубыдэу республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм къриIуахэр.



Иджыри щIыхьэпэщIэтщ

Сирием и дзэр Iэщэ зыIыгъыу зыкъэзыIэтахэм щыкIэлъоплъ Джиср-эш-Шугур къалэм и Iэгъуэблагъэм. Ар Тыркум и къэрал гъунапкъэм пэгъунэгъущ. «Аль-Джазира» телеканалым къызритымкIэ, а къалэм ящыкIуэ щIыхь зауэдэ гупэр оронетехникэ хъэлъэр.

Правительствэм къыпэщIэувахэм Джиср-эш-Шугур я быдапIэ нэхьыщхьэу щытащ мэкъуэуэгъуэми фокIадэми. А мазэхэм щIалэм специазыр ягъакIуэри, Тыркум и къэрал гъунапкъэр зэпаупщIын хуей хъуат зи лъахэр зыбгынэ щIыу мин бжыгъэхэм.

Хомс и ищхьэрабгъумкIэ къыщыт Талбис къалэми, Дамаск пэмыжыжьэ Харасти, Думи властым и бийхэр щагубдэ зэпытщ. Абыхэм иджыблагъэ щызэхэуат зыкъэзыIэтахэмрэ хабзэхэмкIэ. Иужьрей жэщ-мафхум къриубыдэу я къалэхэм щыхэкIуэдащ цIыхубгъу.

Гъубжьм президент Асад Башар ирихьжьа зэхъуэкIыныгъэхэр даIыгъыщIыу щIыхь мин бжыгъэхэр зыхъуэта пэкIу щекIуэкIащ Дейр-эз-Зорэ. Абы и пэкIэ щекIуэкIащ Эс-Суэйдэ, Дамаск, Алеппэ, Латакие.

Псыдзэм ехь

Тайландыр мазэ зыбжанэ хъуауэ гугъу езыгъэхь псыдзэм и зэранкIэ хэкIуэдахэщ щIыху 427-р. Псыдзэм ноби екъэгулэз округи 147-р.

Тут Заур Урысей Федерацэм и цIыхубэ артистщ

ЦIыхубэм я зэкъуэтныгъэм и махуэм яп кьэхуэзу УФ-м и Президент Медведев Дмитрий театрымрэ кинормрэ я артистхэм, художникхэм, музейхэм я лэжьакIуэхэм къэрал дамыгъэхэр Кремлым щаритащ. Дамыгъэ лъапIэр зыхуагъэфэщахэм яящыщ Къэбэрдей-Балькъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгеим я цIыхубэ артист, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и УнафэщIым и чэнджэщэгъу Тут Заур. УэрэджыIакIуэ цIэрыIуэм къыхуагъэфэщащ «Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист» цIэ лъапIэр.

«Къэрал наградхэмкIэ, апхуэдэу дызэрыт тхьэмахуэм и IэухымягъолъапIэну къэралым и гуфIэгъуэ махуэшхуэр - ЦIыхубэм я зэкъуэтныгъэм и махуэр - къыздэсымкIэ сэ гуапэу сыныбжьхуэсыху, - жиIащ Медведев Дмитрий. - Ди къэралыр хэку ину икIи къарууфIэу, сыт щыгъуи и щхьэр ихъумэжьыфу къэгъуэгурыкIуащ, апхуэдэу ипэжыпIэкIэ

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

Псом нэхъ рэ...

● Партхэр

Политикэ партхэм ящыщу зи антирейтингыр нэхъ ныр ЛДПР-рщ, зи рейтингыр нэхъ лъахъшэр «Захуагъэ здэщыIэ Урысейр». Ар белджылы хъуащ социологие Iуэхущ1апIэ щ1ихъэ - ВЦИОМ-м, ФОМ-м, «Левада-Центр»-м 2011 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм щ1ыIэхъуэ ирагъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм ящыкIи ятIэ.

«АНТИРЕЙТИНГЫР» - ар зэуп1Iахэм ящыщу хуагъэпсыгъуа партым и тельхьэу Iэ яIэтын зымыдэхэм я процент бжыгъэщ. ВЦИОМ-мрэ «Левада-Центр»-мрэ мыпхуэдэу щIэуп1Iащ: «Уэ и тельхьэу зэи Iэ зыхуумы-Iэтыну партыр дэтхэнэра?». «Жылагъуэ Iуэху епIыкIэ» фондри щIоуп1щIэ ягу иримыхь партыр зрагъэщIэну.

ВЦИОМ-м и Зэхэщакъэ Федоров Валерий «Известия» газетым и лэжьакIуэхэм зэражриIамкIэ, жэпуэгъуэм щIыхухэм зэреуп1щIам, кIэрыкIуэхэм япкъ ИткIэ ЛДПР-м и антирейтингыр нэхъ лъагэщ.

«Либерал-демократ партым и антирейтингыр 2011 гъэм и жэпуэгъуэм процент 30 хъуащ», - жиIащ Федоровым. Ягу иримыхь партхэм яIыгъ увыпIэмкIэ ЛДПР-р щыпащэщ («Левада-Центр»-ми. А Iуэхущ1апIэм и Iэтащхьэм и кIуэдзэ Гражданкин Алексей и псалъэхэм ятепщ1ыхьмэ, жэпуэгъуэм зэупщ1а щ1ыхухэм я процент 24-м зэи Iэ яIэтынукъым ЛДПР-м и тельхьэу.

«Либерал-демократхэм я антирейтингыр сыт щыгъуи нэхъ ныгъуэ щIащ. 1990 гъэхэм я зэхуэдитIыж Жириновскэр хуабжьу щIэрыIуэ хъуаз щыгъаз. Абы щ1ыхуэхэр дихьэхат. Арщ1хькIэ иужькIэ абы бгъэдэкIахэр куэдкIэ нэхъыбэу къыщ1эк1ащ», - хъущ1гурыгъэIуащ Федоровым.

Гражданкин Алексей жеIэ ЛДПР-р зигу иримыхьыж хэхакIуэхэм либерал-демократхэр «Iуэху пыухыкIа гуэрэхэр зэрызэфIамыгъэкIымкIэ» (процент 17-м) икIи «я Iэтащхьэм зэрызигъэпIиймкIэ» (проценти 10-м) зэрагъэкъуащ1эр.

«Жылагъуэ Iуэху епIыкIэ» фондым и деж антирейтингым и пащэр щыпэгъуэщIщ. «Урысей зэкъуэтыр» ягу ирихьыркъым зэуп1щ1а щ1ыхуэхэм я процент 17 - 18-м». А бжыгъэм ильэс зэхуэмыдэхэми зэрызихъуэжщ1агъуэ щ1ыIэкъым», - кIыхегъэщхьэхуKI ФОМ-м и унафэщI Ослон Александр. Абы и псалъэхэм ятепщ1ыхьмэ, «Урысей зэкъуэтыр» ягъэпсыкъуэхэм ирагъэщхъ КПСС-мэ.

«Ар парт абрагъуэщ икIи бюрократхэм яIыгъщ. Абы къудамэхэр и куэдщ, езыр сыт хуэдэ Iуэхуми хопщ1фIыхь», - а партыр КПСС-м щIрагъащ1эм и щхьэусыгъуэр арауэ къелытэ Ослон.

«Жылагъуэ Iуэху епIыкIэ» фондым антирейтингым епIанэ увыпIэр и ятIуанэ увыпIэр ирет «Яблоко»-м. Фондым и къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъагъэмкIэ, а партым хуэарэзыкъым хэхакIуэхэм я процент 20-р: «Абыхэм щ1ыхуэхэр куэдкIэ къагъэгугъащ, ауэ зыри ящ1акъым», - жеIэ Гражданкиным.

ВЦИОМ-м къихутахэм ятепщ1ыхьмэ, антирейтингым етIуанэ увыпIэр щыIэныгъэ КПРФ-рщ.

«Зюганов Геннадий и партым и антирейтингыр зэпымыууэ процент 20-м щегъэжьауэ процент 25-м нос», - жеIэ Федоровым. Курыт ныбжьым ит щ1ыху куэдым къалъытэ коммунистхэм къэралыр блэкIам хагъэхъэжыну хуащIэкъуу - хъэпшыпхэр щ1ыпэпэбыда, уи гупсысэр хуиту къэпIуатэ хъууэ щ1ыщ1мыта, ди пIэм дыщ1унджыхьа зэманым хуащIэжу».

ФОМ-мрэ «Левада-Центр»-мрэ къалъытэ коммунистхэм ещанэ увыпIэр яIыгъыу. Ослон Александр и псалъэхэм ятепщ1ыхьмэ, зэупщ1ахэм я процент 16 - 18-м коммунистхэм я Iуэхущ1афхэр яг ирихьыркъым.

«Абы кIыкIыр партыр зытет хабзэхэр ямыдэу аращ, армыхъумэ, коммунистхэр Iуип1эм ящ1ураксым, - «егъэзаху» партым хэтхэр Ослон. «Левада-Центр»-м щыщ Гражданкин Алексей къелытэ хэхакIуэхэм КПРФ-р «Iуэху пыухыкIахэр зэрызэфIимыгъэкIымкIэ», «зэрымыжыдджэрымкIэ» ягъэхъуащ1эу.

ВЦИОМ-м къытахэм къазэрыхъэмкIэ, антирейтингым ещанэ увыпIэр щ1ыIэкъуэ ящ1ыгъ «Урысей зэкъуэтым». «2008 гъэм щ1эзыдзэ кризисым и ужькIэ а партым и антирейтингыр процент 17 - 20-м нэскIэ дэуещ. ЖытIэнщ1, дэтхэнэ къэралми кризисымкIэ зэуап щ1ызыкIыр оппозицIэракъым, атIэ унафэщI партыращ», - къыдогурегъаIуэ Iуэхур зыIутыр Федоровым икIи щIегъуж абы и антирейтингыр КПРФ-мрэ ЛДРП-мрэ яйхэм нэхърэ итIанэ зэрынэхъ лъахъшэр.

«Левада-Центр»-м антирейтингым епIанэ увыпIэр «Урысей зэкъуэтым» щ1ыхуигъэфэщ1ащ.

«Захуагъэ здэщыIэ Урысейр» зигу иримыхьыр хэхакIуэхэм я проценти 7 - 8-щ1. Ахэр зэгуэр «Урысей зэкъуэтым» и тельхьэу щ1ыхущ, ауэ зыри ящ1акъым», - жеIэ Гражданкиным.

ВЦИОМ-м къихутахэм ятепщ1ыхьмэ, антирейтингым етIуанэ увыпIэр щ1ыхуигъэфэщ1ащ. «Захуагъэ здэщыIэ Урысейр» зигу иримыхьыр хэхакIуэхэм я проценти 7 - 8-щ1. «Абыхэм щ1ыхуэхэр куэдкIэ къагъэгугъащ, ауэ зыри ящ1акъым», - жеIэ Гражданкиным.

ВЦИОМ-м къихутахэм ятепщ1ыхьмэ, антирейтингым етIуанэ увыпIэр щ1ыхуигъэфэщ1ащ. «Зы Iуэху епIыкIэ быдэ гуэр я1экъым», - жеIэ Федоров Валерий.

«Щ1хьэтечу жып1эмэ, Урысейм и щ1ыхуэр партхэм фIыуэ я1хущ1ыткъым. Абыхэм аэр къалъытэ зиафэр зыщ1эльъ бюрократием и сэбэп зыхэлъхэр пхыз1ыгъ1кIэу. Ар дыдэр хуэгъэзащ1 «Урысей зэкъуэтым»,- кIыхегъэщхьэхуKI Гражданкиным.

ТРОНКИНЭ Ольгъ, КОЗЛОВ Петр.
«Известия».

● Сату

Куэд ядыгъу

Тыкуэнхэм хьэпшып нэхъыбэ щIадыгъукI хъуащ. Британием сатум и щ1ыпкIэр джы-нымкIэ и Iуэхущ1апIэм кьнтахэм ятепщ1ыхьмэ, тыкуэнпшхуэ хэм щ1агъэкIуэсыкIаэрэ я ожьыгъэм процентн 7-кIэ зиIэтащ икIи ядыгъуам псори зэхэту доллар меларди 120-рэ хуоэз. Абы щ1ыкIэуэ, сату щ1ыпIэхэр зейхэм доллар меларди 128-рэ трагъэкIуэдзэм хуей хъуащ щ1ынагъуэщIагъэр гъэлъэщ1ынымкIэ егъэщ1ыIа Iуэхухэм.

ТЫКУЭНХЭМ я бий нэхъыщхьэщ дыгъуэгъуакIуэхэмрэ зэщIэгъэIуа щIэпхьаджащIэ гупхэмрэ. Абыхэм ягъэкIуэщI зэхадыгъуэ хьэпшыпхэм я процент 43-р. Дэтхэнэ щIэпхьаджагъэмэ хэпщ1ащ езы тыкуэнхэм я лэжьакIуэхэр.

ДыгъуакIуэхэм нэхъыбэу къащтэр кхъуейщ, лыхэкIэхэпщ, кIэнфетщ. Апхуэдэу я жагъуэкъым фадэхэкIэр, бдзэжьей-хэр, сабий ерысыкIэхэр, шыбжийр зрагъэзэхын. Зы илъэсым США-м и затуущIхэм абыхэм хэщ1ыныгъэу доллар мелард 42-рэ иратащ.

Зи хьэпшыпхэм я процент 1,74-р Iуэхуфи щIэу щIэзэхэ Урысейри етхуанэу увыпIэм къикIри етIуанэм нэс дэкIуеящ. Ди къэралым и тыкуэнхэм фIадыгъуэщ псори зэхэту доллар меларди 4 и уасэ хьэпшып. Ар ильэс и пэкIэ яфIэкIуэдам нэхъ-рэ доллар мелуан 700-кIэ нэхъыбэщ.

Апхуэдэу тыкуэнхэм я мытыку куэд щ1ызэхадыгъуэ Индием, ЮАР-м, Бразилием, Тыркум, нэгъуэщI къэралхэмкI.

ПОЛЮХОВ Илиа.
«Известия».

● Абыхэм я зэхэтыкIэр

Укъулеину фIыкъэ?

И мылъкушхуэ дыдэр иугъуеин папщIэ Абрамович Роман зыхуекIуа Iэмалхэр Ходорковский Михаил къигъэсэбэпахэм зыгуэркIэ къащхьэщыкIыу къэзыIэтыр мащIэ дыдэщ. АтIэ абы щыгъуэм щхьэ зыр лъэхъэщIи ис, адреир тхьэжу псэуэр?

АБРАМОВИЧ и къулеягъымкIэ щыщIэрыIуэ дыдэщ ди къэралым и мызакъуэу, дунейм и щIыпIэ куэдми. Доллар мелард 13,4-рэ зиIэ абы 2011 гъэм «Форбс» журналым и рейтингым 9-нэ увыпIэр щ1ибудащ. Зэводзэр, уардзэнэхэр, яхтэхэр (абы метри 162.5-рэ и кIыхьагъыу дунейм щ1ынэхь ин дыдэри яхэту), кхъухьатитI, вертолетищ иIэщ. И автомобилхэр зыхуэдизыр къыпхуэжьнукъым. Футбол клубым абы щ1итащ доллар меларди нэс. Чукоткэм и унафэщIщ (пIалъитIкIэ абы и губернатору щ1ытащ, иджы округым и Думэм и спикерщ). Быныкъым я адэщ (пэжщ, и яп1э щхьэгъусэм зэрыбгъэдэкIыжрэ куэд щIакъым, ауэ, хъухьэпIэ СМИ-хэм ятххэм ятепщ1ыхьмэ, абы долларр меларди 300, нэгъуэщI мылъкуи къыхуигъэнащ). А псом ящ1ыжкIэ псапащIэ iэзрыIуэщ.

Хэт атIэ ар? Акъылышхуэ дыдэ зыбгъэдэлъ финансист е зи насып къикIа гуэр, хьэмэрэ псапащIэ Iуэхум къыхуальхъуа цIыху? «ФIыщIакIуэщ, епцIыжакIуэщ икIи цIыху хьэрэмщ», - жеIэ Абрамович и бийуэ суд Iуэху Лондон къыщ1зыIэта Березовский Борис. Хьэпупс ящIа олигархым къелытэ Урысейр ибгынэн хуей щ1ыхъуам щ1ыгъуэ тIуми зэгъуэсу ея компаниехэр пуду ирищ1жьыным Абрамовичым ирихулIауэ. Псалъэм и хьэтыркIэ, 2001 гъэм Березовскэм Патаркацишвили и гуэсэу иIа «Сибнефть»-м и акцэхэм я процент 43-р Абрамович доллар мелард 1,3-кIэ ирищ1ащ, абы щ1ыгъуэми, 2005 гъэм а компанием и акцэхэр «Газпром»-м доллар мелард 13,1-кIэ къыщэхужащ. А псомэ я ужькIэ Березовскэм доллар мелардитху фIэкIуэдащ икIи абы къегъэув Абрамович а ахъшэр къритыжын хуейуэ.

Ауэ лъэныкъуитIыр щ1ызэдауэр мылъкум и закъуэкъым. Хагъэщ1а «егъэджакIуэр» Лондон и Суд Пьагэм щ1ыхущIокIуэ езым кьыпекIуа и Гъэсэнэр и пIа иригъэувыжыну. НIыуэу зэрыщ1ытщи, Березовскэр «Кремлым и адэ пэлъытэу» щ1ыщ1та зэманым Абрамович мылъку мыкIуэщ1ым ухуэзышэ гъуэгум ялэ лъэбакъуэхэр щ1ич къудейт.

ЗигъэпIийрхъым икIи сэбэп мэхъу

А ЗЭМАНЫМ хэбгъэзэхымэ, правительствэм щ1ыщхэми тэмэму яц1ыхуртэкъым олигархэ цIэрыIуэ хъунур. «1997 гъэм сэ ялэ дыдэу Абрамович щ1ысльэгъуащ ефэ-ешхэ гуэрым. Сэ къысфIэщIащ ар тыкуэным дызэфэнрэ ерыскъырэ къызыша машинэм и шоферу, - кIыIуэтэж вице-премьеру щ1ыта Сысуев Олег. - Абрамович сыт щ1агъуи хущIокъурт закъыхимыгъэщ1ыну. Ауэ сэбэп хъунУ хуейуэ фэ зытригъаурт. И Iэблэкэр зэрыдзат, нэщхъейуэ къоплъырт. АрщхьэкIэ ящ1ныкъуэхэм деж пыдыхьэшхыкIырт, ихъуреягъкIэ щ1ыкIуэкIыр зэрыфIэауанэр и нэгум кьищу. Абы ищIэ хуэдэт нэгъэщ1ихэм ямыщIэр».

Щ1эныгъэщхуэ зыбгъэдэмышъ Абрамович и хьэп нэхъещхьэр жьажьэплъэу, и псэльэгъум и гурыльхэр куу дыдэу къищIэфу зэрыщ1ытырщ. Березовскэм абы Юмашев Валентинрэ Дьяченкэ Танярэ (УФ-м и яп1э президентым и пхъур) щригъэщ1ыхуа 1994 гъэм къыщ1ыщидзэри 1998 гъэр къэсыху хуэзфIэкIащ Ельцин Борис и унафэщ1м и казначей пэлъытэ хъунУ. «Абрамович фIы дыдэу кьыгурыIуэрт а унагъуэр зыхуей-зыхуэфIэхэр, - жеIэ политолог Белковский Станислав. - Березовскэр жэрдэм зэмыщхь куэд къыхэзылъхьэ икIи ахэр зыгъэву цIыхуц1 икIи зп1ззэрытыкъым. Ельциным и унагъуэм и пащхьэм щ1ызыхуигъэувыжа къалэнхэр абы тхыгъэкIэ и гъэзэжьыгъэ. Ауэ Абрамович а къалэнхэм псомэ пэлъэщ1ыр псалъэмакъ гуэри хэмылъу. Хэбгъэзэхьмэ, къыжрамыIэ щ1ыкIэ а унагъэр зыхуейр къищIэфыр. Арати, гуэнапкъэншэу дзыхь зыхуригъэщ1ыфащ икIи властыр щ1ызэIэпахьм тIэунейрэ Iуэхушхуэ зэфIигъэкIащ».

«Роман кьохъулIэ цIыхухэм я псэм дыхьэн, дзэхъ захуригъэщ1ын,- кьыхегъэщхьэхуKI тхакIуэ, публицист Латынинэ Юлие. - Абы щ1агъуами, ар Урысейм и хьэрычэтыщ1э нэхъ губзыгъэ дыдэхэм ящ1ыщ1 икIи хуабжьу сакъщ. Аращ зи мылъкум зыри иримыгъэIуэсн папщIэ яп1э дыдэу нэгъуэщI къэралIэпхъуар. Абы щ1агъуами, ибгына къэралым и властым фIы дыдэу хущ1ыту къэнэжащ. Апхуэдэ зыхуэфIэкIын къэгъуэтыгъуейщ».

Псым гъущ1эу къыхэкIыжырт

АБРАМОВИЧ и Iуэхущ1афэхэр кьыз1эпиудыну зыри яужь итакъым. Абы и компаниехэр къэзыпщ1тэхэр кIуэжырт кьызэрыкIуам хуэдэ дыдэу Iэнэщ1у. Къэзыбж палатэр хущIэкъуащ налогыу мелард бжыгъэхэр имытауэ «Сибнефть»-р игъэкъуэнщ1эну, арщхьэкIэ Абрамович хейуэ кьыщIрагъэдзащ. «Псым хьэрри, псыф мыхъуу кьыхэкIыжащ, - АрщхьэкIэ Абрамович Березовскэкъым икIи жьыжьэу Ходорковскэкъым: 1999 гъэм екIуэкIа хэхъныгъэхэм ахъшэ хилъхьа къудейкъым, атIэ хущIэкъуащ нэгъуэщIхэм а Iуэхухэм ахъшэ хариимыгъэлъхьэну - езым псори елъытауэ щ1ытын хуейт. Абы щ1агъуэми, къуэгъэнапIэр фIыуэ зыльагъу езым зи зыкъыхигъэщ1ыртэкъым». «Абрамович хуабжьу щ1ыху зыльагъу Медведевми Путини я дежкIэ. Ар пIалъитIкIэ губернатору щ1ытащ, зыкIи щIимыгуэру Лондон щ1ыпсэууэ. Хэтыт нэгъуэщI ар зыхуэдэнрэ? Зыми. Ауэ абы хуадащ. Иджыпрэ Урысейм абы зыми зыри щIищ1эфынукъым», - жеIэ Белковскэм.

Арауэ пIэрэ къырикIуэнум емыгупсыс ахъшэр щIрикъухьыщIу, уардзэнэхэр, яхтэхэр, спорт клубхэр кьыщ1ищхьу? СыткIэ хуея ар Чукоткэм и Iэтащхьэм и къулыкъум? «Абрамович хуэдэ щ1агъуэ зыхуейр зыгуэркIэ загъэIуныкрым - абыхэм ар зыкIи кьрадзэрэкъым. Ахэр зыхущIэкъур «езыхэм яхуэдэхэм» ефIэкIыныщ. Аращ «Челси» командэр кьыщIищ1эхуари, - къыхегъэщ Москва и къэралуниверситетым политологиемкIэ и факультетым социологиемрэ психологиемкIэ и кафедрэм и унафэщI профессор Шестопал Еленэ. - АрщхьэкIэ сэ сызэпсэльа инджылызэхэм Абрамович хуабжьу ягу ирохь. Абыхэм къалъытэ ар зыгуэрхэр нэхъыфIкIэ зэзыхъуэкIыну хущIэкъуу цIыхуу. Аращ ар ящ1ыгъуэ. Ар зыхущIэкъур «езыхэм яхуэдэхэм» ефIэкIыныщ. Аращ «Челси» командэр кьыщIищ1эхуари, - къыхегъэщ Москва и къэралуниверситетым политологиемкIэ и факультетым социологиемрэ психологиемкIэ и кафедрэм и унафэщI профессор Шестопал Еленэ. - АрщхьэкIэ сэ сызэпсэльа инджылызэхэм Абрамович хуабжьу ягу ирохь. Абыхэм къалъытэ ар зыгуэрхэр нэхъыфIкIэ зэзыхъуэкIыну хущIэкъуу цIыхуу. Аращ ар ящ1ыгъуэ. Ар зыгуэрхэр нэхъыфIкIэ зэзыхъуэкIыну Чукоткэм ахъшэ къыщIихужьыну хуейти, ар щ1ызригъэзхъуIащ: «Сибнефть»-р къыщIыIэрыхьащ, щ1ынальэм тригъэкIуэдари, щ1ыпIэ льготэхэм ялкъ иткIэ налогкIэ щ1ыхудачыхэм ящ1ыщ1 зы Iыхьэщ».

«Ахъшэхэм насып къыпхуэхьыркъым. Абыхэм Iэмал мащIэ кьуэт къудейщ нэгъуэщIым и унафэ щ1ымытыну», - жиIэ щ1агъуэ зэгуэр Абрамович. Ар нэгъуэщIым и унафэ къызэрыщIэкIрэ куэд щ1ащ. НасыпыфIэ? Жэпуэгъуэм и 24-м и ныбжьыр ильэс 45-рэ иригъэщ1ащ, къару бгъэдэльэщ, щхьэгъусэ дахэ кьишэжащ... Аращ, иджы насыпми уегупсыс хьунущ...

ЦЕПЛЯЕВ Виталий.
«Аргументы и факты».

● Иуэху епIыкIэ

Еврэгупым и унафэщI Юнкер Жан-Клод жиIащ а къэралхэм я щ1ыхуэзу Алыджым тетыым и процент 60-р хуагъэгъункIэ зэрыхъунур. Ар щIэгъэкъуэн хуэхъунущ а къэралым и экономикэр зэтемыгъэщ1эхэным. Мы Iуэхур хуэгъэзащ апхуэдэ щ1ытыкIэм зэгуэхьэныгъэм и адрей къэралхэри къымыгъэхутэным.

● Ставрополь край

КъызыхэкIар ящIэркъым

Ставрополь крайм аргуэру зы сабийм зыщ1ыкIыжащ. Бын куэд щапI унагъуэм щ1ыщ1ыкIыну гуэщым зыщIфIиту.Зыгъэзащ1 зи ныбжь 7-омаников Вадим Кировраймон хьэхъэ Марьинскэ станицэм щ1ыщ1.

АБы и хьэзэр иджыблагъэ къыщагъуэтыжащ унагъуэр щыпсэу пIащIтIэм дэт гуэщхэм ящ1ыщ 3ым. ШколакIуэм яп1э ирихьэIар и къуэш нэхъыжьыщ1. Пасыпыкъыщагъ иныр къызыхэкIа щхьэусыгъуэхэр зэкIэ бедджьылыкъым. Ахэр сэтей къащ1ыну хущIокъу хабзэхъуэмэр.

- Школакъуэм зэрызиукIыжам теухуа уголовнэ Iуэху къаIэтащ. Мы зэманым зэхагъэкI щIалэ цIыкIур и адэ-анэм, классэгъуэхэм, егъэджакIуэхэм зэрахущытар. ЗэкIэ зыми шэч хуащIыркъым, - къыщ1ыкIащ Iащ Следственнэ комитетым Ставрополь крайм щIэ къудамэм ди газетым и лэжьакIуэм.

Ди жагъуэ зэрыхъунущ, Ставрополь крайм мыпхуэдэ щ1ыкIэкIэ зи гъащIэр щ1ызыухар зи гугъу тщIы щIалэ цIыкIум и закъуэкъым. Верхнерусэкэм щ1ыщ Салтыков Петя (арп бын куэд щапI унагъуэм щ1ыщт) зыпилъэжащ и адэ-анэм ар телевизор еплъыну хуит ямыщIа нужь.

ДРОБОТОВ Алексей.
«Комсомольская правда».

● Иран



Иран Ислъам Республикэм нэгъуэщI къэралI IуэхэмкIэ и министр Салехи Алн Акбар жиIащ Сауд Хьэрыпым и посолу США-м щ1ыIэр Тееран нукIыну хуея хуэдэу Вашингтон игъэIуэхэр пщ1ы зэфэхэзыщу. Абы къыхигъэщхьэхукIащ къыдэкIуа ямыIэу Иранырэ зэригъэкъуэншам къыхэкIыну Вашингтон «къытхуэгъэгъу» жиIэным зэрыпэплъэр. «Дэ фIыуэ къыдгуроIуэ США-м и къигъэсэбэп апхуэдэ Iэмалхэр зыхуэзгъэзар», - къыхигъэбелджылыкIащ Салехи Алн Акбар.

Тутын ирамыгъэфэн папщIэ

● Узыншагъэ

УФ-м Узыншагъэр хъуэныкъуэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствам игъэхъэзыращ «Тутын ефэным къишэ зэраныгъэм и Iэужьхэм щ1ыхуэхэм я узыншагъэр щ1ыхъуэным и Iуэхухэм» законым и проектыр. Тутынафэхэм хуабжьу зыкъыпэщIаса пэтми, а проектыр мыгувэу Къэрал Думэм щIалъхьэну къыщIэкIынущ.

АР МИНИСТЕРСТВЭМ и сайтым къихутащ мазэ щIигъу и пэкIэ. Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэхэм ятепщ1ыхьмэ, щ1ыхуэ щIыкIэ жаIащ проектым и лъабжьэу увынур щ1ыхуэхэм я Iуэху епIыкIэхэр арауэ. Ягъэувыну хабзэщ1эм щ1ыху мин зыбжанэ тепсэлъыхьащ. Псом хуэмыдэу ириздэуащ бархэм, уэрамхэм, вокзалхэмрэ аэропортхэмрэ я гъунэгъуу, унэ щIыхьэпIэхэм тутын щефэну хуит мыщIыным и Iуэхум. Тутынафэхэм я нэхъыбэм къалъытэ проектым езыхэм я хуитныгъэхэр къызэпиуду икIи ар щ1ыхуэхэр гъащIэ зэныщхьэм хуээущиным зыкIи емыхьэлIауэ.

- Мардэ псори зыхъэгъэзар тутынафэхэм я хуитныгъэхэр къызэпыудыпракъым, атIэ ди къэралым тутын емыфэу ис щ1ыхуэхэр абы и Iуэгъуэм щ1ыхъэмэныр, - жиIащ министрым и дэIэпыкуэгъу Никитин Иринэ абы теухуауэ.

Жылагъуэм и Iуэху епIыкIэр зригъащIэри, министерствэм къилъытащ зым и чэнджэщи едэIуэн хуэмейуэ: абы проектым зэхъэжьыныгъэ гуэри хилъхьакъым. «Мы проектым и мурадкэр белджылыщ, гугъуехьэр къызыхэкIынур а зэрыдгъэзэщIэну щ1ыкIэрщ. Аращ хъетхьэжьа Iуэхуэр жылагъуэм къыдиIыгъын щ1ыхуэйри», - къыхигъэщхьэхукIащ министерствэм и деж щIыIэ Жылагъуэ советым и унафэщI Градировский Сергей.

Тутын ефэну хуит щащI щ1ыпIэхэр зэрагъэмащIэм къыдэкIуэу тутын ефэнымрэ абы и Iугъуэмрэ зэрызэраныр зэрытетхам и мызакъуэу, пачкэхэм сурэтхэмкIи къыщагъэльэгъуэн хуейщ. Ешы тутынхэри гуащIэрэ щабэкIи зэщхьэщагъэкIынукъым. Тутын компаниехэм хуадэнчкъым спонсор лэжьыгъи рекламри ирагъэкIуэкIыу. ИкIэм-икIэжьм, ягъэуп фильмхэмрэ спектаклхэмрэ тутын ефэныр щамыгъэдэхэнуи къыхалъхьэ. Тутынхэр щащэ щ1ыхъунур метр зэбгъуэзнатIэ 50 нэхърэ мынэхъ мащIэ зи инагъ тыкуэнхэм я закъуэщ. Ар хуэгъэзащ куэду бгъуэа киоскхэм тутын щемыгъэщ1эным, Абыхэм ахъшэ нэхъыбэ къахуэзыхьыр пивэмрэ (ар абыхэм щрагъэщ1жьынукъым 2013 гъэм щ1ышыкIэм и 1-м къыщIIэдзауэ) тутынхэмрэт. Псалъэм и хьэтыркIэ, тутын псоми я зэхуэдитIыр изыгъэкIыр ахэрат.

Проектым щ1ыубзыхуащ финанс Iуэхухэри. Абыхэм нахуэу тепсэлъыхьыну къагъэув тутын къыщIэзыгъэкIхэм. Министерствэм къегъэув акцизхэр процент 50 хуэдизкIэ - тутынным и уасэм тещIыкъуэ - къэIэтын, абыхэм тралъхьэ налогхэм инфляцэм нэхърэ нэхъ псынщIэу хагъэхъуапхъэу. Тутын къыщIэзыгъэкIхэм къалытэ апхуэдэ Iуэхухэм уасэхэр хуабжьу драгъэуеину - тутын нэхъ пуд дыдэм сом 60 щIатын хуейт хъунущ.

«А псоми щэхурылажьэ рынокыр къызэщIэIэтэнущ», - жеIэ тутын компаниехэм ящ1ыщ зым и Iэщ1агъэлI Верещагин Анатолий. Абы къызэриальтэмкIэ, тутыныр щэхуу кьрашу хуежьэнущ тамощ1э зэгуэхьныгъэм хэт къэралхэм (Къэзахстанымрэ Белоруссиемрэ). Абыхэм ар хуэдитIым нэскIэ щ1ынэхъ пудщ.

ОВЧИННИКОВ Роман.
«Известия».

ИлъэситIкIэ нэхъ кIасэнущ

● Дзэ

Баллистикэ ракетэхэр кьеудыхьыным хуэгъэпса С-500 урысей Iэмэпсымэщ1э дыдэр дзэм щ1ыгъэхьэн хуейуэ генералхэм кьагъэлъэгъуа пIалъэр куэдкIэ кьащхьэщокI УФ-м ЗыхуэдэжьныгъэмкIэ и министерствэм къызэрыщагъэгъуэхаэм. «Известия» газетыр щ1ыгуаэз зэрыхъуамкIэ, ахэр щагъэхьэзырынур 2015 гъэрщ. Гъэнэхъныгъэ псори зэфIэкIа нужь дзэм щ1ыгъэхьэнур 2017 гъэм и кIэ къимыхуэущ. Ар щахуэзфIэкIынур конструкторхэри абыхэм я Iэдакъэщ1эжкIэр я кIэм нэсыгъэсхэри сыт и лъэныкъуэкIи гъэхуауэ зэрэлажьэмэщ.

ХЭIУЩIЫУ ямыщIыну С-500-р 2015 гъэм дзэм ирату щIадзэну нэхъапэм тхъэ щаIужжащ УФ-м ЗыхуэдэжьныгъэмкIэ и министерствэм и Iэтащхьэхэм. И1ужьрейуэ абыкIэ кьигъэгугъащ хьэуа-хьэрш зыхьуэжьныгъэмкIэ дзэхэм я унафэщI генерал-лейтенант Иванов Валерий.

АрщхьэкIэ «Алмаз-Антей» концерным щ1ыщ Iэщ1агъэлIым «Известия» газетым и корреспондентым кьыкIриащ 2013 гъэм и ужькIэ зыщ1адзэну зы гъэунэхуныгъэхэм ильэсэ 4 - 5 зэрытекIуэдэнур. Ахэр екъуэлIэныгъэкIэ зэфIэкIмэщ зи гугъу тщIы Iэщ1 iэужьыгъуэр дзэм щ1ыIэрыльэнур.

- Мыпхуэдэ Iэмэпсымэ щ1ыным зы илъэсрэ ныкъуэрэ-ильэситI текIуэдэнущ. Ауэ Iэщ1эр щ1ыным, ар гъэунэхуным егъэщ1ылIа лэжьыгъэ псори 2015 гъэм зэфIэкIми, 2017 гъэм и пэ къикуэу ар куэду дзэм Iэрагъэхьэным ущ1ыщ1агъуэм щ1ыIэкъым, - къыхигъэщащ ди псэльэгъум.

ПВО-м и «Алмаз-Антей» концерным Iуэхур зыIутыр кьыдгурагъэIуэн щадакъым. Пэжщ, ЗыхуэмэжьныгъэмкIэ министерствэм зыщ1аумысижащ ягъэува пIалъэхэмкIэ зэрепIэщ1экIамкIэ.

- Апхуэдэ Iэмэпсымэхэр пщ1ыным зэман куэд ехь. С-500 2015 гъэм къыщIагъэкIын папщIэ гъэунэхуныгъэхэм мы ильэсым щIадзэн хуейщ, - къыджиIащ ди псэльэгъум.

Ялэ итa С-400-м С-500-р къыщхьэщ1кIынущ и радарым «нэхъ нэ жан» зэрилэнымкIэ. Абы «ильагъуфынущ» километр 800-кIэ пэжжьхэ нэщанэуп1эхэри. Зи гугъу тщIы ракетэм зэриудзыхьыфынущ зы секундым километри 7 и псынщIагъуу кьакIуэ дзэтхэнэ Iэщ1эри. Ар хуабжьу Iэмэпсымэ гугъущ икIи ар щ1ыным нэхъыбэрэ елIэлIэн хуей щIэхьэр кьызыхэкIыр а щхьэусыгъуэрщ.

- ТеухуащIэм гъэгу щрагъэгъу зткIэ апхуэдэ сыт щ1агъуэ кьыщ1охьу ди дежи нэгъуэщI къэралхэми. Къэдгъэльэгъунщ, псальэм и хьэтыркIэ, «Дримлайнер»-р е ди «Суперджет»-р. Псори зытещ1ыхьар а Iэщ1эм иIэ щ1эупщIэрщ. Ди дзэ кьулыкъущIэхэр хуабжьу хуейщ С-500-м. Абы кьыхэкIыу ЗыхуэмэжьныгъэмкIэ министерствэмрэ а Iэщ1эм елэжьхэмрэ зэгурыIуэфынущ къыщIэкIынщ ар дзэм зэрыIэрыхьэну пIалъэр кIэщI дыдэ ящ1ын и дъэныкъуэкIэ.

Иджыри щ1ымыIэ С-500-р зэрыгъэвакIэщ Урысейм и хьэуа-хьэрш зыхъ ум жьныгъэ IэнатIэм и Iэщ1 нэ хъыщхьэу. Iэмэпсымэщ1эм ди къэралым мыхьэнэ ин дыдэ зиIэ и щ1ынальэхэр щихьымэнущ щIэхуэдэ кьебгъэрэкIуэныгъэмкI.

КРАМНИК Илья.
«Известия».

ПапэкIуэщIыр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.